


# RETE AN SEKIRITE.

## KONNEN KISA KI PASE.

KISA TOUT MOUN DWE  
KONNEN SOU SEKIRITE  
NAN TRANSPÒ



## KONNEN KISA KI PASE.

**NAN ETAZINI, GEN YON TREN KI FRAPE YON MOUN OSWA YON OTO CHAK 3 ÈDTAN.**


**TREN YO FÈ MWENS BWI EPI YO PI RAPID PASE SA OU KWÈ - SE TREN SÈLMAN KI DWE KOURI SOU RAY YO.**

**TRANSPÒ SOU RAY KAPAB RIVE NAN YON VITÈS KI PLIS PASE 100 MIL ALÈ.**

**TREN YO KAPAB PASE SOU NENPÒT RAY, NENPÒT KILÈ, AK NAN NENPÒT DIREKSYON.**

**TREN YO PA KAPAB FÈ ZIGZAG.**

## PRAN DESIZYON POU SEKIRITE:



### RETE KANPE DÈYÈ

Gade direktiv ki ekri atè yo. **Rete kanpe nan yon distans avèk platfòm yo, dèyè direktiv ki pentire oswa poze atè yo.** Lajè tren yo depase ray yo. Pa janm kouri, ni monte sou kabwèt, oswa planch ki gen woulèt, oswa bisiklèt nan yon estasyon.



### PA RETE SOU RAY YO

Si ou gen yon bagay ki soti nan men w pou tonbe sou ray yo, **pa eseye pran li ou menm.** Fè yon anplwaye nan transpò a konnen.



### ÈSKE OU WÈ RAY? SONJE TREN!®

Rete atantif sou platfòm yo lè w ap tann tren, ak pandan w ap mache oubyen kondwi. Koute ak gade byen kote ki gen siyal pou pyeton ak pou trafik.

### FÈ ATANSYON KOTE KI GEN GWO KOURAN ELEKTRIK

Pa janm mache toupre ni nan mitan ray yo. Kapab genyen gwo kouran elektrik ki kouri anba tè sou yon twazyèm ray oubyen anlè tren yo.




### JANBE LEGALMAN AK AN SEKIRITE

Travèse sèlman nan kote ki **make pou sa yo.** Gade byen afich yo, ak siyal yo, ak direktiv ki make atè yo. Toujou gade si gen yon tren k ap vini.



### KANPE TANN, GADE NAN TOUDE DIREKSYON

Toujou sonje kapab gen yon tren **k ap vini.** Tren yo ka pi pre ak pi rapid pase sa ou kwè. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di gen plizyè tren. Gade si gen lòt tren ankò sou ray ki toupre yo.



# KONNEN AFICH AK SIYAL YO

## LÈ WA P JANBE YON RAY NAN OTO OU

### PLIZYÈ RAY TREN

Lè gen plizyè ray tren. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di gen plizyè tren. Gade byen si ou ka wè akèl jouk nan fen ray yo nan toude direksyon, anvan ou kontinye.

### BESE BARYÈ, AK LIMYÈ WOUJ K AP MOURI AK LIMEN


Gen yon tren k ap pwoche (menm si ou pako wè li). Pa kontinye jouktan limyè yo etenn epi baryè a monte. Li ilegal epi sa gen danje, si ou pase sou kote baryè ki bese.

### PASAJ A NIVO

RETE TANN si gen yon tren k ap pwoche. Tren yo toujou gen dwa pasaj.

### LIMYÈ WOUJ K AP MOURI AK LIMEN

RETE KANPE pandan limyè a ap mouri ak limen. PA kontinye jouktan limyè a sispann mouri ak limen. Si limyè a kòmanse mouri ak limen pandan ou deja kòmanse janbe ray tren an, kontinye pase.



## LÈ WA P KONDWI TOUPRE YON TI TREN



### FIL ELEKTRIK KI POTE GWO KOURAN

Fil elektrik ki pote gwo kouran yo toujou yon danje. Toujou rete lwen yo!



## LÈ OU NAN YON ESTASYON TRANSFÈ

### SIYAL FIL ELEKTRIK KI POTE GWO KOURAN

Kapab genyen gwo kouran elektrik ki kouri anba tè sou yon twazyèm ray. Pa rete sou ray yo.

### SIYAL KI DI GEN YON TI TREN K AP PWOCHE

Lè li limen, gen yon tren k ap pwoche (menm si ou pako wè li).

### RAY

Pa janm estasyonnen, ni kanpe sou ray tren yo.

### VEYE KOTE W AP METE PYE W

Atasyon separasyon an, lè w ap monte ak desann nan tren an.

ATASYON SEPARASYON AN

## LÈ W AP VWAYAJE NAN YON TREN

## PASAJE, OSWA YON TRANMWE,

## OSWA YON METWO, OSWA YON TI

## TREN, KONNEN KI JAN POU

## PWOTEJE SEKIRITE W.

### POU MONTE AK DESANN NAN TREN AN

- **Rete nan yon distans avèk platfòm lan.** Pa janm kouri, ni monte sou bisiklèt, paten, ak twotinèt nan estasyon oswa sou platfòm yo.
- Tann tren an fin rete anvan ou pwoche bò pòt li. **Kite lòt pasaje yo soti** anvan ou monte nan tren an.
- **Atansyon separasyon an** – veye kote w ap mete pye w lè w ap monte ak desann nan tren an.
- **Rete chita pandan tren an ap mache;** si ou kanpe, kenbe pwaye oswa sipò yo.
- **Kenbe men timoun ki avèk ou,** pandan nou sou platfòm lan, oswa pandan n ap antre oubyen desann nan tren an. Pale avèk yo sou prekosyon pou moun pran avèk tren.
- **Gade nan toude direksyon yo,** pou wè si gen tren k ap vini.
- **Pa janm grenpe, ni chita, ni kanpe, ni mache ni monte sou wou** ant vagon yo, ni devan ak dèyè yo.

TI TREN



TRANMWAY



## KONDWI, MONTE BISIKLÈT, AK FÈ EGZÈSIS

## NAN ZÒN POU TRANSFERE NAN TREN

**SISTÈM POU TRANSFÈ YO KONN PATAJE WOUT YO SOUVAN AVÈK NOU. MEN KOUMAN POU OU “RETE DEYÒ! RETE LWEN! RETE AN SEKIRITE!”**

- **Janbe ray yo SÈLMAN kote yo make pou sa.** Nan nenpòt ki lòt kote, se yon danje epi sa ilegal.
- Lè baryè a bese, oswa limyè yo ap mouri ak limen, oswa klòch yo ap sonnen, sa vle di gen yon tren k ap pwoche. **Pa janm kondwi ni mache pou pase sou kote yon baryè kwazman ki bese.**
- Rete nan yon distans avèk tout zòn transfè pou ou ka an sekirite. **Pa janm mache, ni kouri, ni fè egzèsis sou ray tren.**
- **Respekte tout siyal avètisman, ak siyal pou trafik tren, ak direktiv ki ekri atè,** lè w ap pataje yon bann sikilasyon avèk yon veyikil transfè.
- **Pa janm kite oto ou sou ray tren.**
- **Kite yon distans ki egal longè yon oto** oswa plis ant veyikil ou ak yon veyikil transfè, lè w ap pataje yon bann sikilasyon.
- **Si pa gen ase plas pou veyikil ou, pa foure kò w!** Gade si veyikil ou pral kapab janbe ray yo nèt san ou pa oblije rete kanpe.
- **Estasyonnen anndan mak yo fè atè pou sa yo.** Kite ase plas pou veyikil transfè pase sou kote w.
- **Toujou gade** si gen veyikil transfè k ap pwoche.

METWO



PASAJE



## ENFÒMASYON SOU OPERATION LIFESAVER:

OPERATION LIFESAVER SE YON MISYON POU EDIKASYON SOU PREKOSYON AVÈK RAY TREN, KI RESEVWA SIPÒ NAN MEN MOUN KI DEVWE. OBJEKTIF NOU, SE POU FINI AVÈK KOLIZYON, LANMÒ, AK AKSIDAN SOU AK TOUPRE LIY AK RAY POU TREN.

- **Prezantasyon vityèl ak an pèsonn gratis** nan tout Etazini.
- **Pwogram leson anliy (eLearning)** pou chofè pwofesyonèl, ak sekouris, ak chofè otobis lekòl.
- **Ale nan adrès oli.org** pou pran randevou pou yon prezantasyon, oswa pou jwenn materyèl sou sekirite, oswa pou ou enskri kòm volontè ak divilge kanpay enfòmasyon piblik, oswa videyo, oswa lòt bagay ankò.

## EDE FINI AVÈK TRAJEDI SOU RAY TREN

Konnen kisa ki pase.

Pran bon desizyon.

Pataje mesaj la.

**OLI.ORG**

**SWIV NOU SOU REZO SOSYAL**

**(800) 537-6224**



**OPERATION  
LIFESAVER®**

**Rail Safety Education**



**Massachusetts Bay  
Transportation Authority**

**Edikasyon sou Prekosyon avèk Ray Tren**

Copyright © 2021 Operation Lifesaver, Inc. Tout dwa rezève.